

KOROPAK MASIGIT

Jumaahan geus lekasan. Jamaah katawuran. Marulang kana hideung-bodas kahirupan séwang-séwang. Kari hiji dua jamaah nu wiridan kénéh di jero masigit, atawa ngadon ngawarangkong di téras. Rét kana koropak deukeut lawang. Pikiran ngacancang. “Can balik, Dang?” Byar! Peuyar. Kalangkang anak pamajikan nu patingpurungkut nahan lapar. “Aya peryogi ka Bapa.” Ngawani-wani. Padahal kaéra geus teu kawadahan. Ditahan-tahan. “Baruk? Aya naon, Dang?” Jajantung nu tutunggulan ngadadak rerep. Kasirep ku kasoméahan Haji Rahmat. “Aya taroskeuneun.” Anjeunna ngajak ka rohangan DKM. Jajantung ratug deui. Diteger-teger. Ras ka nu di imah. Ras deui kana koropak. “Utami mana, inpak ka masigit atanapi ngagaleuh sangu kanggo anak bojo?” Imut. Lir nu surti. “Duanana gé utama, Dang. Malah malékat bakal ngadunga sangkan Gusti ngaganti harta nu diinfakkeun. Ngan, kautamaan infak bakal leungit mun Adang ngantep anak pamajikan barongkéakan.” Unggut-unggutan. Asa kahibaran purnama. “Ana kitu mah abdi badé ngabantun deui artos nu tadi diinpakkeun kana koropak. Wios?”

11 Januari 2013

Di BANK

Bank keur meujeuhna ramé. Pagawéna, nu réréana wanoja geulis, paciweuh. Narima setoran. Mikeun tarikan. Bari teu kendat nyalabarkeun imut. Antrian teu daék saat. Balik hiji, jol deui nu lain. “Ayeuna mangsana!” ceuk haténa. Sanggeus sababaraha wiletan wanci, manéhna tepung jeung tungtung antrian. Nangtung bari nyumputkeun semu. Nyumputkeun ketug jajantung nu mungkin tutunggulan. Rut-rét ka sekuriti nu rajeg di lawang panto; ka pagawé bank, ka nasabah; kana jam dingding. Leungeunna pageuh ngeukeupan kantong hideungna. Késang morolok. Galo jeung keclak cipanon. “Silahkan, di konter tiga.” Nu geulis ngagentra. Manéhna. Ngaléngkah asa-asa. Srog! Hareupeun nu geulis. Kantong hideungna diteundeun hareupeun. Kusiwel! Song! Mikeun keretas sacewir. Dibaca. Nu geulis ngahuleng. Beungeutna pias. Imutna birat teuing ka mana.

14 Januari 2013

NU LILIR Wanci JANARI

Janari leutik. Manéhna ngulisik. Hawa tiris ngusapan kulit sampulurna. Awak nu sataranjang jeung ranjang. Ragamang. Teu kadongkang. Simbut ngalumbuk tunjangeun ranjang. Kuniang. Rét kana sepré. Beureum. Asa asa dirampa. Besem. “Getih?” gerentesna. Berebey. Cipanon maseuhan pipi. Murubut. Bareng jeung patingkoléangna pirang kalangkang. Ngabarak luhur ranjang. Hiur angin. Rét kana jandéla. Muka. Némbongkeun kaéndahan bulan parahu. Jrut. Gebeg. Aya nu cepel dina téhel. Ngambat nepi ka lebah jandéla.

19 Januari 2013

NU MÉNTA DIDUNGAKEUN

“Dungakeun Engkang, Nyai!” Ngaharéwos. Dareuda. “Sangkan usaha urang lancar.” Manéhna malangkeun sakeureut imut. “Sangkan hasil maksud, laksana sapanjea.” Belewer deui, imut nu leuwih béar. “Sangkan Engkang meunang dina pilkada.” Celengok nyium leungeun. Imutna mingkin marahmay. “Seug Engkang jadi pajabat mah, meureun moal susah. Sagala kahayang mo burung kahontal.” Manéhna nyangheuykeun teuteup dina lahunan. Ogo. “Tangtos atuh Engkang, dunga Nyai mo weléh nyarengan,” ceuk teuteupna. Teuteup nu pinuh ku pangharepan. Pikiran ngacacang. “Seug laksana jadi gegedén...” Ngalayang, ti angen-angen ka angen-angen. “Engkang hayang boga mobil méwah. Rék nyieun gedong. Rék meuli *villa*. Rék pelesir ka luar nagri. Rék....” Rét ka manéhna. Keur anteng ngaréka imut. “Dungakeun Engkang, Nyai!” Teuteupna mingkin geugeut. “Sangkan pamajikan ngidinan Engkang ngawin Nyai.”

27 Januari 2013

Nu Bobos

Pasosoré. Ngariung di patengahan. Salaki, mitoha, dahuan, adi beuteung, jeung kulawarga séjénna. Balakécrakan bari garogonjakan. Sangu beureum ngebul kénéh, jeung rupa-rupa deungeunna. Karesep kuring hungkul. Bagja. Atuh da tara unggal poé. Taun kali gé biheung, bisa ngariung kawas kieu téh. Si Kakang, nu keur meujeuhna célémbéng, pada nanggap. Capétang dina lahanan. Raresepeun.

Teu ku hanteu, beuteung ujug-ujug ngusial. Bati dahar karédok lada jigana. Satékah polah ditahan. Dibangbrangkeun ku ngilu nanggap si Kakang. Angger kukusialan. Teu genah cicing. Késang tiis mimiti bijil. Nguuukkkkk...! Teu kakémot. Rey! Beungeut asa beureum. Nyaan, éra nu taya papadana. “Alah, Kakang bobos. Heuheuheu...,” ceuk Si Kakang bari nungkup irung. Manéhna cengkat bari ngagibeg-gibeg bujurna. Ger! Saréréa saleuseurian. Kagugu ku polah Si Kakang. Bray! Bumi alam caang deui. “Ari Kakang...” Teu kebat. Kaburu nyelek ku kareueus.

27 Januari 2013

NAPSU KAPEGUNG

“Sugan kudu dicacag ku aing, anjing téh!” ceuk Mang Damini. Basa manggihan sms, pamajikanna jangjian jeung Juragan Mandor. Gap manéhna kana bedog. Biur. Ngajalankeun motor satakerna. Napsu ngagugudug. Anjog ka nu dituju, kasampak pamajikanna keur ngadeluk hareupeun komputer. Sok neundeun hapé dina méja. Pamajikanna ukur mencrong. Sérépét. Ngalugas bedog. Teu antaparah. Gecrok! Gecrok! Hapé pamajikanna dicacag. Bubuk. Hing. Mang Damini ceurik. Kanyenyieran.

30 Januari 2013

SATUTAS JUMAAHAN

“Sial!” pokna. Jero haté. Ngukung. Nyumputkeun kabingung. “Padahal geus meunang ngararancang!” Norowéco. Haténa. Mikiran pipetaeun. Ras ka indungna, nu karék kamari ngabisté. “Sing junun sakola téh, Anaking!” cenah dina suratna. “Mana budakna, euy?” ceuk hiji lalaki. Disarung. Kawas lalaki séjén nu keur ngagimbung. Ngariung manéhna. “Halik, euy! Cuang bawa ku déwék!” ceuk satpam nu kumisna baplang. Ras ka bapana. Kuwu manten. Nu kumisna komaraan. “Taranjangan deui wé ayeuna mah!” Tukang parkir milu mairan. Haténa ngeleper. “Tutumaneun. Lain sakali dua kali atuh da.” Nu ngagimbung patingkecewis. Nyaluyuan. Manéhna muringis. Ras ka kabogohna nu keur ngonci manéh. Di toilét masjid.

08 Fébruari 2013

RUNAWAY

Teuteupna beueus. Jauh ka luareun jandéla karéta. Kana amparan sawah. Kana jungkiring pasir. Kana lungkawingna lamping. Gumplukan suhunan. Kabel nu pakuranteng. Teu bina ti pikiranna. But-bat. Ka ditu ka dieu. Ka saban jaman nu kungsi kasaba. “Duh, tepi ka iraha atuh kudu abur-aburan téh?” gerentes haténa. Clak. Cipanonna maseuhan kulit pipi. “Naha bet bangun nu taya kacapé?” Ras ka anakna. Nu haben ngungudag. Ngajak mulang. “Lain teu nyaah, Jalu anaking, lain teu hayang hirup babarengan.” Reg. Karéta dumadak eureun. Di hiji leuweung hieum. Jlung-jleng. Pirang lalaki singsarwa bodas. Arungguh kana karéta. “Paluruh di unggal gerbong!” ceuk nu pangkasépna, semu nyorowok. Panonna buringas. Néangan. “Kapan ceuk hidep harita, Jalu, *lakum dienukum wa li yadien....*” Gajleng. Manéhna. Luncat tina jandéla. Ngagaur. Laju kabur kana petengna leuweung.

22 Fèbruari 2013

PRÉMAN

Dédi Dagor katelahna. Jalugjug. Tato rapang saawak-awak. Pirang kelir. Pirang ukuran. Karesepna notor alkohol. Taya poé kaliwat. “Miceun kasieun,” cenah. Enya, pangaruh inuman jigana. Manéhna bangun teu boga kasieun. Barangasan. Najan leumpang rumanggieung. Mun aya paménta, taya nu wani baha. Sieun kadagor batu ali nu ngadaplok dina peureupna. “Lain sieun dékah. Nu mabok mah ditéjéh gé nambru.” Patingkecewis, nu remen dipalak. “Ngan embung urusan jeung pulisi engkéna dékah.”

Prang! Beling mancawura. “Didagor siah!” Dédi Dagor ngabedega. Nu patingkecewis, sungsong marikeun upeti. Manéhna seuri. “Mucekil,” gerentesna. Bus ka minimarkét. Rérés balanja, gura-giru balik. Di lawang panto, dipapag goar orok. “Tuh geuning bapa. Nyandak susu, Pa?” ceuk pamajikanna. Orok ngéar. Song kérésék balanjaan dibikeun. «Nitip heula Si Nyai, Pa!” Manéhna ungueuk. Ngajengjen sisi ranjang. Orok beuki ngéar, leungeunna ranggah hayang dipangku. Manéhna ungas-ingus. Ngangseuan awak. Ngangseuan hawa sorangan. “Haaah!” Hiek, bau alkohol. Rét ka orok. Ngéar bari ranggah. Manéhna ngajengjen. Panonna beueus.

08 Maret 2013